

Konbyen Ki Kache?

ak Kontè

Jwè 1-4



Laj 4+




5-10 min

OBJEKTIF

Pou di konbyen ti pyès ki kache anba kouvèti a.

MATERYÈL

5 ti pyès: kontè, pyès lajan, oswa lòt ti atik



1 twal, moso papye, oswa lòt kouvèti



VOKABILÈ

Konbyen
Ti pyès
Ki kache
Anba

KESYON

Kijan ou te fè sonje te gen senk an total?
Kijan ou te fè konnen konbyen ki te kache?


KÒMAN POU JWE

1. Mande timoun yo pou yo mete ti pyès yo sou tab la oswa sou planche a.



2. Fè timoun yo konte kantite ti pyès ki genyen. Mande, “Konbyen ti pyès ki genyen la?”
3. Yon fwa timoun yo fin konte senk ti pyès yo, di, “Fèmen je nou!”

Sèvi ak twal la pou kouvri twa nan ti pyès yo.



4. Fè timoun yo ouvri je yo. Mande, “Konbyen ti pyès ki kache?”



Gen kèk timoun ki ka rekonèt byen vit ke gen twa ti pyès ki kache. Gen lòt ki pral bezwen èd ou pou sonje ke te gen senk ti pyès an total. Fè yo konte jiska senk lè yo lonje dwèt sou oswa tape sou de ti pyès vizib yo epi aprè sa a, tape twal la yon sèl fwa pou chak ti pyès ki kache.

5. Yon fwa timoun yo idantifye kantite ti pyès ki kache, kontinye jwe epi kache diferan kantite ti pyès anba twal la. Eseye kache tout ti pyès yo epi eseye pa kache okenn nan ti pyès yo! Sa fè timoun yo ri epi bay repons komik.

Remak: Fè timoun yo pran wòl “moun k ap kache a.” Y ap renmen kache ti pyès yo pou ou!

KONSÈY POU JWE

- Lè w ap premye jwe jwèt sa a, si 5 objè twò difisil, ou ka itilize 3. Si 5 objè twò fasil, ou ka itilize 6 oswa plis.
- Kòmanse ak 5 objè bon paske timoun yo gen 5 dwèt nan men yo. Yo kòmanse reyalize ke yo ka reprezante kantite ak dwèt yo, e ke si yo wè senk nan yon bagay, se menm kantite bagay ak kantite dwèt nan men yo.

- Ankouraje timoun yo lonje dwèt sou chak atik ki anba twal la pou yo konte objè yo pa ka wè yo epi chichote nimewo a “1, 2, 3...”

KISA TIMOUN YO AP APRANN


- Timoun yo ap pratike pou yo pa di konbyen objè yo wè men pou yo di pito konbyen yo pa wè. Sa difisil. Si li parèt twò difisil, ou ka fè timoun yo di konbyen yo wè jiskaske yo pare pou di konbyen ki kache.
- Timoun yo ap pratike konpetans adisyon ak soustraksyon bonè. Y ap aprann ke 5 konpoze de pi piti chip tankou 3 ak 2; oswa 4 ak 1. Sa a se yon pati nan konprann sa sa vle di pou gen 5 nan yon bagay.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Nimewo: Operasyon

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR nan aplikasyon kamera smatfòn ou a oswa nan lektè kòd QR la pou gade yon videyo ki montre kijan pou jwe. *Konbyen Ki Kache?*